
RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengipoen, saben 10 temboeng octawi
kirang: f 0.50.

Advertentie limrah: f 0.15 sagaris:
(apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, octawi moendoet dados lengganan,
tepong rembag roemijn kalijan adminis-
tratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

ISINIPOPEN:

Raad Koboepaten—Sambet rembag — Mantja-warna — V. I. O. — Soemambet — Sami kados-poendi — Nimbangi tetimbangan — Njaroe-djoekaken pamanggih — Padalangan — Saking Moentilan — Economie — Ontjén sekar gambir melati — Oerapsari — Panoentoening laré.

PRADJA RAHAJOE.

RAAD KABOPATEN.

(Sampoen ngantos dados: "non inggih raaad.")

Kados - poendi badé dadosipoen Raad Kabopatèn ing Djawi Tengah ngriki, ingkang saweg riboet dipoen-adani samangké poenika, kaggé sakoela namoeng satoenggiling ma-noenga bledjeg, boten saged mestékaken titisipoen, djer boten kasi-noengandradjading kapanditan: sidik pramana djati, weroeh sadoeroengé winarah enz.

Nanging nitik glagatipoen ing oepiek - oepjekan pilihan kiesman doesoen, saha kiesman district, glota-gaté koela saged ngganta nginten-kinten badé kados-poendi dadosipoen. Tjoba koela pilemipoen sasaged koela.

Sagedipoen njoemerepi grad-gra-dan nginggil, preloe tjiang njoeme-repi kawontenaning ngandaproemijn dados tegesipoen sadaja poenika kedah mawi ANDA. Tanpa ANDA kita boten saged njoemerepi oetawi doemoegi ing nginggil. Makaten oegi ing bab pilihan kaggé ngwon-takenanlid-lid Raad Kabopatèn. Koela wiwit mawas saking pilihan-pilihan kiesmannen.

Awon-awon koela étok-étkipoen inggih kepilih dados kiesman kaggé doesoen Bm. *) Dus, sampoen kagét, namoeng kiesman désa, sanès kies-man kita. Kaggé pamilihan kiesman doesoen, koela wani tanggel, mesti wonten lampah ingkang boten apsa: inggih poenika wonten kiezer-kiezer ingkang anggénipoen milih kiesman, boten medal saking kadjengipoen pijambak, nanging sadérèngipoen pilihan kiesman, sami dipoenboe-djoeki (rembag aloes) déning prabot doesoen. Boten preloe koela doemoek doesoen poendi, djer namoeng won-tien satoenggal kalah. Sadaja-sadaja poenika kedah wonten ingkang uit-zondering (njebel).

Samondjo-mondjonipoen manawi nama tjiang doesoen mesti kirang pengalaman katimbang ing kita. Sa-poenika koela ngatoeri kawontenan ingkang koela soemerepi kala para kiesmannen ing o. d. Bm. nglempak wonten ing Assisténan, preloe nje-rat sinteren djago-djago ingkang kat-jalonaken lid R. K. **) ing stem-biljet. Kempalan wiwit dijam 8 éndjing (kilap ngrembag poenapa) wonten Assisténan. Gegajoetan kalijan wa-djib koela pijambak, koela saweg saged dateng dijam 10.30. Pakem-palan sampoen rampoeng, kantoon njerat sinteren ingkang badé kadja-gokaken. Sadaja katingal sami bi-nogeng manawi batosipoen makaten: "Lah énggon si sapa jah sing dé-djagok-kena!" Koela namoeng njri-ji kados-poendi tjara-tjaranipoen njerat, lan tjiang ingkang katjalon-aken sinteu! Kedah medal saking njatiopoen pijambak, poendi ingkang dipoenenengi . . .

Taksih deleg-deleg! Woesana wonten ingkang gerét-gerét njerat nama-nama ingkang katjalonaken wonten ing stembiljet. Lah sanès-ipoen . . . ladjeng katah ingkang namoeng IDEM BESAR. É, lah prijé iki ta nèh? Batos koela!

Sareng sampoen ladjeng kaklem-pakaken, tjalon kakintoenaken da-teng kawedanan ing W. Nglempak-ipoen para kiesman milih bénching 16 Juli (kabaripoen) wonten ing Kawedanan.

*) Proficiat!! Red.

**) R. K. = Raad Koboepaten. L.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Taklim:
Lorenz.

SAMBET - REMBAG."

Nerosaken.

VAKVEREENIGING. Poenapa ing-kang dipoenwastani "VAKVEREE-NIGING," ing nggingil sampoen ka-tjeta, i. p. pakempanalipeno tjiang-toenggil-pakarjan (vakgenooten).

TOEDJOENIPOEN. Prakawis toe-djoenipoen, wonten rembag oetawi pamanggih warni kalih.

A. Wonten ingkang mastani, bi-lih toedjoening vakvereeniging: ngoedi mindak-saéning-kawontenan écono-mi, économini poen para warga. Saroedjoek lan toedjoe poenika, wadibing vern. mligi ngoedi, soe-pados pernatán-perdjandjian (ar-beidsvoorwaarden) kasaéknna; ngoedi soepados kantja baue saged pikantoek "medezeggenschap," liripoen: ngoedi soepados kaeom-berah ka-wenangna toemoet ngrembag dados-ing pradjangdjin oetawi kontrak.

Soepados sampoen ngantos ke-pandjangan theorie ingkang koela atoerakan, tjobi teroes kadjodokaken kémawon kalijan kawontenan sapo-enika ing tanah Djawi ngriki; ladjeng kawawas, poenapa theorie ing nging-gil poenika wonten damelipoen wonten ing ngrikinipoen.

Toemoet ngrembag dadosing kontrak". Sampoen klintoe tampi, kontrak boten kok kontrak Ndèli makaten, nanging kontrak ateges perdjangdjin, perdjangdjinianpoen koeli anggénipoen poeroen njamboet-damelaken tjiang sanès, kados ingkang dipoenkadjengaken déning ingkang mberahaken lan perdjangdjinipoen ingkang mberahaken anggénipoen badé njoekani berahan dateng koeli poenika waoe, samangsa koeli sampoen njamboet-damel, kados ingkang dipoenkadjengaken déning ingkang mberahaken. —

Tjiang ingkang maspaosaken, soemerep, bilih doemoegi samangké katah - kediking bajaran (berahan) ratjek boten goemantoeng saking kantja koeli, nanging saking ingkang mberahaken. Ingkang mberahaken anggénipoen mbajah manoet a) pada-tan, b) manoet katah-kediking tjiang ingkang sami neda oetawi ngoepados padamelan.

a) Panimbanging ingkang mberah-aken: adaté wong boeroeh matjoelek sékésöek moeng éntoek seketi, dadi djeneng woes saadilé, jén sekésöek nèng nggonkok ija moeng tampa seketi; loewihé saka seketi, ikoe sabeneré kanoegrahan.

b) Akoe boetoeh koeli 10, mangka sing gelem ana 20; moelané endi sing sitik déwe pandjaloeké, ija ndak tampa.

Rembag a) lan b), ingkang boten patos lebet panimbangipoen, boten nggoemoenaken, menawi teroes ngamini panimbanging kaeom mberah-aken kados makaten. Mangka rembag a) lan b) boten kladoeck menawi koela temboengna: noendes wewe-nanning koela pinten - pinten. Tjobi koela doemoekipoen sawatavis.

a) Mendet saking adat, adating tjiang ndoesoen berah matjoelek, berah matjoelek dateng tangga toenggil doesoen, njengkani poen, dateng tangga tangga-doesoen. Poenika adat. — Ingkang berah matjoelek waoe pados ing betah — (inggih sa-nadjan terkadang namoeng sekedit, nanging sawantji - wantji wonten) — dateng panggénipoen ingkang mberahaken. Poenika padatan, lol! Mila wonten kiranging berahan sawatavis, ingkang beberah kanti le-gawaning manah nglampahi pada-melan, sebab sampoen katjekapan betahipoen wingi-wingi. Satoenggal.

Wekdalung njamboet-damel, — réh-ne manoet adat, djam poenika ing doesoen langka-langka, — asring boten temtoe. Wonten telatipoen sa-watavis boten dipoenkono - kono-ing mandor; koeli, manah boten gége. Salebetung njamboet-damel, boten dipoenpetjoet; koeli manah sekéti, boten samar manawi dipoen-pisoehi. Kalih.

Sadérèk berah matjoelek, sata-klobot, wédang gendis Djawi, adat pikantoek; ngaso, ngombé wédang

Miss Java poenapa Miss Soematra!

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen	f 7.50	{	njoewoen kabajar
1/2	f 3.75	{	roemijn.

Adresipoen Redactie lan Administratie:

XAVERIUS - COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius“ Djokja.

Sinten ingkang badé nglamar? Sinten ingkang badé niroe boekengan, rok-rokan, règ-règan . . . ? É, é, é, djaman kok kemajoe tim!

2. Kawartosaken toewan Stokvis gegembong I.S.D.P. roemijn, badé angadjawi. B. T. tjarijos, toewan Stokvis poenika satoenggiling Wel-landi *) ingkang ngertos terang dateng gloetat-gloeting politiek Noe-santara. B. T. sadjakipoen tjetjog kalijan politiekipoen sang Stokvis. Poenapa dèrèng ngertos dateng sedjatiosing socialisme? B. T. njambeti. Tetjiang ngriki (negari Weland) langkoeng pitados dateng politicus ingkang dèrèng naté ngambah ngriki. Poenapa sanadjan ingkang sampoen terang tanah ngriki, kados sang Stokvis, temtoe langkoeng damel rahajoe toewin andjoendjoeng tanah ngriki? Rak kedah ngèngeti ngélmoenipoen poenapa, noen! Kosok-wangsoeli-poен sanadjan dèrèng naté ngambah ngriki, menawi tradjung toewin ngélmoenipoen tresna dateng sesa-mi-sami, inggih dateng bangsa sanès, mangangkah adjeng saha rahajoeing sanès, ingkang mawi pambeg otami sedjati, oegi boten badé ka-won kalijan toewan kaseboet.

É, saoedara, djengandika sampoen joeswa, langkoeng prajogi wonten negari Landi kémawon.

Barata.

Ngleresaken lepat.

Ing Sw.-Tama no. 20 karangan ingkang asesirah P.P.M.N., C.P.F. wonten ingkang kléntoe. Boepati Aném (Boepati Nglebet) poenika lepat, leresipoen Boepati Path (Boepati Nglebet).

B.

V. I. O.

Nalika tanggal 7 Juli Wanabasa tjabang P. G. H. B. ngawontenaken parepatan. Kadjawi ngrembag sanès-sanésipoen oegi ngrembag rantjang-anipoen Dir. O. en E. Rantjangan waoe badé njoeda blandjanipoen goeroe-goeroe V. I. O. Ingkang toe-lage-nipoen sapo-enika f 100 (satoes roepijah), badé kadadosaken f 50. Déné sababipoen dipoenpenggalih, tetandanipoen toelage kalijan blandjanipoen kekatahan. Jén kati-mbang kalijan blandjanipoen goeroe-goeroe Walandi saha toelage-nipoen.

Poetoesanipoen tjabang boten na-rimahaken. Kangé mratélaaken, ladjeng kintoen tligram dateng Dir. O. en E. ingkang soeraosipoen njondongi protésipoen V. B. G. H. B. dateng Dir. O. en E. prakawis blandjanipoen V. I. O.

**

Karsanipoen Dir. O. en E. waoe, mratandani bilih aosing goeroe-goeroe waoe dèrèng wonten ing papan ingkang samestinipoen, inggih poenika kapenggilingan, mila badé dipoenlorod. O, dados goeroe-goeroe poenika samanten roemijn. Ming-goe wingking ngrembag pamanggih.

Gantos tandingan! Mr. Singgih kalijan hadji Salim roemijn sampoen naté tandingan paben. Wonten malih pasoelajanipoen warga P. S. I. kalijan warga pak. Mohammadijah. Mentas poenika P. Haradap radi pentelengan kalijan wd. Hoofdredac-teur Fadjar Asiah. Sinten ingkang badé songkolan?

Jaarbeurs ing Bandoeng woelan Juni poenika wonten tandingan ajo-eajoenaen, boten ajon-ajonan. Ingkang angsal pris angka 1, mevr. Coever-den. Poenika ladjeng sineboet Miss jaarbeurs. Mangé sadérèk Noesan-tara gék badé niroe poenikal. Wonten kabar bénching peken malem Sema-rang, badé dipoenwontenaken tan-dingan ajo-eajoenaen kangé bangsa Djawi. Wanita sadjawinipoen tanah Djawi oegi kénging nglebeti, nanging kedah kintoen gambaripoen roemijn. Ladjeng wonten commissie ingkang badé milibi. Ing salebetung peken malem badé katanding ajo-eipoen. Ingkang kapilih ajoë pi-jambak badé angsal seseboetaan Miss Java poenapa Miss Soematra!

Sinten ingkang kresa njadé mirah, inggih poenika tami jatra sakedik.

Prakawis tetandingan toelage. Prijantoen Walandi ingkang sami namboet karja ing ngriki poenika sampoen dipoensoekani toelage pi-jambak. Dados dasaring blandja sampoen kapranata, Indiér kalijan Europeanen sampoen bédá. Dados sampoen mawi regi pi-jambak-pi-jambak, mitoeroet bangsa lan kasagedan.

Prijantoen Walandi dipoenad-osen goeroe ingkang langkoeng inggil, ladjeng dipoenparangi toelage. Dados toelage waoe toemandjanipoen

*) Jahoedi. Red.

boten datang kabangsian lan dasaring kasagedan, nanging padamelan.

Ing ngriki sampoen tjeta mlèsèding panimbang tetandingan toege katingan lan agenging blandja.

Aosing prijantoon Indija saponika.
a. Kabangsian + Dasaring kasa-
gedan + Padamelan.

1. Indiér + Sekolah + Pada-
melan.

2. European + Sekolah + Pa-
damelan.

Sampoen tjekap.

F. S. H.

SOEMAMBET.

Ing artikel film Indonesia wonten ingkang aseroa: moendoering tetanènipoen bangsa Indonesia langkoeng-langkoeng toemrapoenoen bangsa kita Djawi. Ing ngrikoe dipoenngendikakaken, saged kita andandosi ekonomie kita kanti rantjag, roemjinipoen kita kedah ngadjengken tetanèn kita. Koela badé ngatoeraken ingkang koela soeme-repi ing tanah Djawi ngriki kémawon, sekedik-sekedik kangé pa-nimbang, sabab kawontenanipoen ing Soematra, Borneo, Celebes, Flores lsp. koela dèrèng tjeta menggah wewatekanipoen, tetijang ngrikoe, panggesanganipoen saben dinten, padatan lan tata-tjara. Menggah ing tanah, pantjén njata langkoeng djembar-djembar, langkoeng kobèt tinimbang tanah Djawi ngriki.

Menawi kantja tani (sapérangan ageng kita tjiang Djawi poenika bakoeniipoen tetanèn) sampoen njakèkken tetanènipoen, dèrèng temtoe menawi kawontenaning ekonomie saged saé kanti rantjag; djalaran ngèngeti: saking sekedik siti ingkang kagarap kantja pribumi, tjiang djiwa mrijel sanget, saking katahing onderneming-onderneming, andjalari soedanipoen siti ingkang pantjénipoen dipoen-garap tetijang ngriki pijambak.

Bab poenika sadèrèk pangripta inggih sampoen roedjoek. Wonten malih ingkang dados djalaran dèrèng tamoe kalampahan, malah koela wani matoer, angèl sagediopoem kela-pahan. Sadèrèk P. D. damel karangan ingkang asesirah „Akal toe-win kapital” poenika inggih kenging kaangé kårangan atoer koela waoe. Ratjak kantja tani poenika rendèl samboetanipoen: dateng tjiang soegih, dateng bank, dateng Tjina lsp. Anggènipoen gadah samboetan war-ni-warni poenika, sabab saking boten saged anggènipoen ngoebeng-aken pamedal, langkoeng saé koela temboengaken: mrintji pamedal. Sing dakpangan seméné, sing dak-anggo njaoer oetang, sandang, kaloemrahan seméné, sing daktoerah-ak seméné, kango ndjaga temb-boeriné oetawa embèn menèh.

Bangsa Djawi menawi katanding kalian bangsa Tjina oetawi Walandi pantjén dèrèng njandak, kapital kawan, toer boten soegih akal.

Pamedalipoen kantja tani koela anggé ratjak setaoen sepisan. Bakoenipoen pamedal pantoen. Wonten ingkang djagoeng, sata. Déné palawidja, djanganan, wowan poenika koela wastani imbet-imbet pamedal. Wonten sawenéhing pangènan kantja tani lampah idjo. Sabab poenapa? Kaojak ing betah. Kangé kaperloean bakda Sawal, kepeksa ngedalaken wragad katha i.p. kangé toembas sandangan, wragad kaperloewan wekdal poenika, mertjon. Gabah 1 datjin dipoenregèni f 2 oetawi f 2,50. Béndjing panèn mangsoelaken. Ingkang mboetjal arta poenika bangsa kaoem kapitalist, inggih poenika bangsa Tjina, pambotjalipoen ngantos atoesan roepijah. Mangsa panèn gabah saged regi f 4 oetawi f 4,50.

Kantja tani ingkang pasitènipoen bakoe cetawi kasinginan kataneman sata oepami bawah Wanabasa, bawah Kedoe, menawi mirengken angsal-angsalipoen anggéné nanem sata, dasar sitinipoen wijar, pantjén njenengaken, f 500, f 700, f 1000

oetawi langkoeng. Ananging moe-pon radi soemebar; soemebar kados soemebaripoen dedasar lan „atèn-atèn” oetawi raos berontakan (revolutionair). Prakawis poenika boten anggoemoenaken babar pisan, djer pangoedining wanita sami kalian prija poenika ndèrèk wohing Revolutie ing Frankrijk roemijn.

Mangga koela tjoepliken saking program der Duitsche Sociaal-democratie (Erfurt 1901). „Partij sozial-demokrasi . . . rok-banda-wala . . . ngoedi ilangging pangawoela marang sawidjining golongan lan ngoedi ilangging pilah-pilahan wong, lan ngoedi moerih anaew wewenang lan wadib kang pada kango sakabèhing wong, tanpa mawang lanang-wadon, oetawa asal-oesel”. Seboetipoen ing basa Walandi: De sociaal-democratische partij . . . strijd . . . voor de afschaffing van klassenheerschappij en der klassen zelf, en voor gelijke rechten en gelijke plichten voor allen, zonder onderscheid van geslacht en van afstamming.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres. Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Kados sampoen tjekap atoer pa-nimbang koela, ingkang oegi sam-poem kaeoing para maos. Koela kepeksa natjad malih dateng bangsa koela pijambak anggènipoen kesèd, sok sembrana. Poenapa bangsa sanèsipoen boten mekaten? Tem-toe wonten ingkang mekaten. Tjiang sisip maneoeng, noen. Temboeng kesèd waoe ngemoe: nriman, lir-ipoi amoeng satjekapipoen, ratjak boten agredeng anggajoe sanggiliipoen. Atoer koela poenika dédé patokan, nanging koela roentoetakan kalian tetijang ingkang kekirangan penggajoe, oeger kendilipoen boten mengkoereb kémawon sampoen nrimal. Koela inggih boten nglepat-aken kawontenan mekaten, menawi ngèngeti panggesanganipoen kantja-kantja padoesoenan ingkang memelas. Ratjakipoen oegi tjekap ingkang kateda saben dinten kalian anak sémahipoen, sampoen nama kamoeljan. Taksih pinten joeta tja-tjahiipoen sadèrèk-sadèrèk ingkang mekaten poenika. Tjiang-tjiang poenika waoe boten kober ngrembag mardika, mardika, Noesantara boten kaeréh ing pradja sanès; saweg ngrembag pradjanipoen pijambak kémawon saben dinten sampoen bingoeng.

BARATA.

LARASATI.

SAMI KADOS-POENDI?

Koela boten badé ngalang-alangi kantja koela wanita, ingkang sami wijar djangkahiipoen, badé ndjoen-djoeng dradjading wanita, sarana ngoepados „pada” lan prijantoon kacoeng; nanging koela anggegegi kaantepan koela pijambak, tegesi-pon koela njoewoeng tlesihipoen roemijn „pada karo prija” ing bab poenapa, ingkang sami dipoenker-sakaken para wanita model Moes-taka-wéni poenika.

Sebab makaten ta para Kadang, samantem waoe menawi boten klintoe:— panggajoe njamèni prija poenika wonten ing Éropah sam-

sang. Laré ingkang boten tampil di-dikan anggoelang sabar sareh, ngam-pah hawa kanepson, manawi kata-temboeng ingkang boten sakéjtja, tamoe-saja badé karaos-raos manahi-pon, samangsa angsal sesandoengan ingkang koela atoeraken ing ngadjeng waoe. Pramila wadibing panoen-toen, sampoen ngantos pépéka ing tindak pamboedi dajanipoen, moerih laré-laré sami kadoenoengan manah santosa. Déné laré ingkang boten dipoen-goeloeng moerih manahi-pon tegoeh, kadoegi nandang sang-sajaning ngagesang, wekasaniipoen asring adamel kawirangan.

Ananging sampoen ngantos klin-toe tampil. Sampoen ngantos gadah tindak kados singa nagara, ingkang tampil ajahan saking pradata njapoe pasakitan, tanpa émoet dateng toe-djoening paoekoeman.

Anggoelang laré prihatos, poenika sampoen kasamékaken kalian

poen radi soemebar; soemebar kados soemebaripoen dedasar lan „atèn-atèn” oetawi raos berontakan (revolutionair). Prakawis poenika boten anggoemoenaken babar pisan, djer pangoedining wanita sami kalian prija poenika ndèrèk wohing Revolutie ing Frankrijk roemijn.

Mangga koela tjoepliken saking program der Duitsche Sociaal-democratie (Erfurt 1901). „Partij sozial-demokrasi . . . rok-banda-wala . . . ngoedi ilangging pangawoela marang sawidjining golongan lan ngoedi ilangging pilah-pilahan wong, lan ngoedi moerih anaew wewenang lan wadib kang pada kango sakabèhing wong, tanpa mawang lanang-wadon, oetawa asal-oesel”. Seboetipoen ing basa Walandi: De sociaal-democratische partij . . . strijd . . . voor de afschaffing van klassenheerschappij en der klassen zelf, en voor gelijke rechten en gelijke plichten voor allen, zonder onderscheid van geslacht en van afstamming.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng patjinan.

Nama „Duitsch”, boten sah kababen, awit sanèsipoen namoeng noenggih misah leres-leres.

Mangga, poenapa „pada” kados makaten poenika, ingkang sami dipoenkersakaken kadang koela wa-ntembaas ing bangsa Tjina, saben dintenipoen oedakawis pengaos 2 éwoe oetawi tigang éwoe roepijah. Malah menawi dinten pekenan saged 3 éwoe roepijah. Mangga da-ngoeniipoen kinten-kinten 2 woelan. Saben sadatjinipoen wekdal panèn poenika f 5 oetawi f 6 (sa-ponika f 7). Saja dangoe saja miñ-dak, poengsanipoen katoembas woloeng roepijahan. Menawi wos-wos ing doesoen kenging kawas-tanen telas, ing patjinan sampoen karegèkaken f 9 oetawi f 10. Kantja tani (doesoen) gentos nempoer datteng pat

Noewoen, karsanipoen Mevrrouw poenika badé njelakken, poenapa badé nebihaken tijang sesémahan? Saking panginten koela badé njelakken, namoeng ingkang kapangan-dikakken kémawon doemawahipoen saged nebihaken. Kléntoe sakedik, badé wawoe saé, kléntoe pegatan! Boten dados poenapa waton (boten) kagem pijambak! Pardon, Mevrrouw en Mijnheer!

Sapoeni kaela keparenga ngatoeri tetimbangan doemateng Mevrrouw; mbokblith kersa anggalih. Déné inkang badé koela atoeraken poenika saking pamanggih koela kados inggih leres. Manawi wonten sadérèk ingkang karsa ngagem: soekoer bagé séwoe. Éwadéné manawi wonten ingkang kagoengan pamanggih ingkang langkoeng prajogi, inggih poenika kémawon kaa-gema.

Menggah pamanggih koela ingkang badé koela atoeraken poenika makaten: tijang ingkang soepé dateng lampah saé poenika, inggih djalera inggih éstra: lepat. Lah lepat poenika: inggih lepat! Afgeloopen! Boten kenging dipointoetope: Ah, dikapakaké manéh, wong lagi lali! wong lagi kena panggoda! Oetawi: Ah wong moeng mainan baé kok! Ah moeng nggandeng wong wédok baé kok! Wis loemrahé enz. Ngaling-alangi lepating tijang makaten poenika, tjoendoekipoen kalijan ingkang karembag ing riki, koela boten mirajogékaken. Déné prajoginipoen tijang lampah kléntoe makaten poenika kadoenoeng-doe-noenga ing lepatipoen saha katedahna ing leresipoen. Lah manawi sampoen roemaoës ing lepatipoen saha soemerep leresipoen, lha ing ngrikoe ladeng mantoengel kamardikaning pikadjenganipoen manoenga, tegesipoen kenging nindakaken mitoeroet pangertosipoen waoe, naning inggih oegi kenging anilar, mawi-mawi ingkang dados pikadjenganipoen. Lah ingkang nindakaken mitoeroet roemaoës lan pangertosipoen waoe, inggih ladeng ngoedi moerih pikantoekipoen pangapoentoen doemateng ingkang kantandoekan ing lepat waoe, saha saladjengipoen anglampahana ingkang leres. Bab poenika djalera oetawi éstra sami kémawon. Lepatipoen tijang djaler inggih lepat, lepatipoen tijang éstri inggih lepat. Lah djampinipoen inggih sami kémawon: nroemaosi ing lepatipoen saha njingkiri margining lepatwaoe. Inggih ing rikoe doemenoengipoen éstri gesang sesami-sami kados ingkang kapangandikaken Mevrrouw. Lah tjobi tijang sesémahan ingkang sami kersa ndharoh djampi ing nginggil waoe rak saged "gesang sampoerna."

Taklim koela:
POETRI TJINA.

MOEDA POEROEITA.

NJAROEDJOEKAKEN PAMANGGIH.

Bangsa Europa katah ingkang sami ngoedi bab gending (lagoening menjanjian), déné bangsa koela Djw. tembang.

Tembang poenika wonten roepi-roepi, wonten lagon, gendingan lan sapanoenggilanipoen.

Lagon oetawi tembang poenika wonten kala-mangsanipoon kenging kängé nambak oetawi njandet sawatas dateng manah soesah-sedih, dados saged kängé njalamoer.

Pamanggih koela (tjekakan) bab lagoe, poenika boten toemoet poenapa-poena, ingkang dados wos lan saéning tetemboenganipoen.

Kados déné sapoenika oepami midjil ketoprak, (ning sampoen ngan-tos prak-prakan marika-mariki lol) makaten:

"Soen tjandrané bendéra Walandi, tentering paleogen, abang, poetih, biroe soe warnané, abang manéh kendel ingadjoerit, poetih makna alim, biroe sedya toehoe."

lan sapanoenggilanipoen.

Malih lagoe rété-rété kadamel gendi-

nganipoen laré:

"Tjah di pada.) X 1

taberi matja étoeng.) X 2

soepadaya énggal bisa.) X 2

lamoen bisa mbésöek.) X 2

soepadaya énggal antoek.) X 2

noegraha tembé mbésöek.) X 1

Tjah di pada."

lan sapanoenggilanipoen.

Gendianganipoen laré-laré: kowé

nggembol apa doek! enz. dipoenan-

toeni:

"Kowé arep njang ndi lé,

(nang, doek, oetawi goes)

akoe arep kolah,

kolah méné apa lé,

kolah méné pinter.

lan sapanoenggilanipoen.

Riti-riti.

"Riti-riti kebon radja Sri Wedari,

tor dirombeg, tor dirombé,

réta motor mandeg,

dipoeter mlakoe déwé."

enz.

Ingkang makaten poenika jén katoendoeken kalijan raos saloegoe, tanpa mawi gadah grwendjet njat ingkang nlisir, noén inggih saketi kémawon, boten badé nenangi dateng awon.

Wasana sinten kresa ngladjeng-aken oetawi amewahi?"

Blangkon mantalon.

Wétan Bengawan.

PADALANGAN.

Nalika dinten malem Minggoe tg. 22/23 Juni 1929 ing kamar bolah Andépraja, wonten tingalan ringgit poerwa, ingkang djoemeng ngasta dalang goeroe padalangan ing Solo, Radén Ngebeli Doetadilaga, mawi lampahan Wisnoengkara. Kadjawi poenika kadenengan Lebdatarjaritan, i. p. gegémbonging cursus waoe. Déné poen jaga měh sadaja bektan saking Solo.

Sasampoenipoen rampoeng sesorahipoen Mr. Soejoedi ladeng kambetan Doetadilagan, angandaran prakawis wonten ringgit poerwa, kagandeng kalijan kawtenan ing dijaman sapoenika saged gatoek. Para poedjangga Djawi sampoen sami njoemerepi, bilih ringgit poerwa poenika dedé jasan Djawi, nangning jasan Hindoe. Boeda; dasiposoen kagoenan Djawi sampoen kabesoet aloes sanget, kagandengen kalijan kawroeh gending, gending (tembang), djogé, tjirita lan tabataba. Sadaja waoe amengkoe pikadjengan pijambak-pijambak, angrasoek salaras kalijan karsanipoen ingkang Maha Wiséa. Sigeg, keplak.

Para prijantoon ingkang sami mirsani djedjal katah sanget, ngantos kirang papan kakoeng poetri, ngajeng wingking kebak. Poenapa malih ing djawi panggénan staanplaatsen sami oevel-oejelan, inggih kedah-kedahipoen kepéngin soemerep.

Nanging sareng djam ± 12 daloe ingkang ningali soedaipoen langkoeng saking sepahil; djam 3 daloe kantoon ingkang sami lengah lésahan; djam 4 éndjing kantoon ingkang sami badé ngemataken paspasanipoen, tjaranipoen bal-balang anggénipoen njekiet (schieten); djam 5-6 kantoon para gegémbong, para poedjangga miwah para sepoeh.

Menggah prakawis padalangan ingkang pantas kita pèngeti, manœrtas woetjalan Habiranda:

1. bab tjrita, manawi ngringga ringgit, oepami ngringga (njandra) Doersasana, moenggoeh sanget.

2. bab ketjrek saged gesang ngetek koemritik, toer manawi kangge ngetjrek, soewantenipoen boten ambrebegi, malah damel ngengreng.

3. bab lampahing paredèn kangge pratanda minangka gantosing tjarios katingal saé toer semoea.

4. bab nglampahaken kapal, manawi pinoedjoe tinoempakan, matmatan sange; katingal manawi poenika ingkang dipoenenigaken.

5. bab soeloek, lagoenipoen sanès kalijan woelangan Habiranda; nanging poenika nama saé toer moenggoeh kalijan ngesing penaboeck gangsa.

Sapoeni prakawis ingkang njimpang kalijan woelangan Habiranda:

1. bab pangringgitipoen sadaloë tanpa nges, litipoen tanpa raos, ingkang saged mranani para penonton. Mangka sadaja ngadjeng - adjeng mesti badé wonten tjertjirisan ingkang mawi raos lebet, ingkang tjoendoeuk kalijan sesorahipoen ing ngadjeng.

2. prakawis sabetan, boten saged amaremake, awit kirang greget-saoetipoen, toemrap sadaja perangan.

3. lampahing poetri toewin bambang kirang pasadja, ngantos katinal déjok, andjalari kirang moenggoeh.

4. bab potjapan měh boten wonen bédanipoen, andjalari kirang manoekma.

5. lampahing ringgit katah ingkang tanpa mawang pasitén sami kinggilen, katingal kados maboer.

6. Sareng bangoen éndjing sadaja lampah toewin potjapan, poenapa malih perangan sami sarwa tjekak, manœrtas poenapa saperloenipoen, awit mboedjeng wekdal kaselak telas.

7. tandjebing paredèn manawi pi-noedjoe ing tengah kelir, mangéngipoen mesti nishih mangiwa, boten tengah leres. (Bokmanawi wonten tegesipoen).

8. panotoeking kotak mawi tjem-pala keseron, ngantos kala-kala wonten kanda ingkang kasarengan panotoek tjempala, boten saged mireng babar pisan.

9. potjapaning ringgit satoenggal lan satoenggalipoen asring boten mawi pratanda "drédek" oetawi "tjertjrek," mangka soewantenipoen ringgit kalih ingkang saweg potjapan djoemboeh, toer ingkang kapotjap aken asring boten kadémek oetawi kaébahaken tananipoen; dados anggénipoen ambédaaken namoeng saking soeraosing rembag.

10. kirang tjoetjoet, andjalari boten saged narik manahing penonton.

11. salebetung kanda, kawedalakan ngawan-wanda ngawan-wanda, boten merdoeli poen kawan-wanda waœ dérèng anggadahi teges; poenika damel tjoewa ingkang mirengaken, awit boten manoeh.

12. soewantening gangsa kirang regeng; pélokipoen babar pisan boten kesramban.

13. pakeming padalangan Habiranda njebataken boten kenging njemona ingkang sami lengah ing ngrikoe, sakinan njataa pisan. (Prakawis njenger si Kédjoe).

Ing wasana nalika woelangan Habiranda dd. 8/9 Juli 1929 para siswa sami nglempak wonten ing ngarsanipoen kijai goeroe, angandaran peitungan kagandengan ipoëen pijambak-pijambak.

Prakawis ringgitan ing Andépraja, aegaran woelangan ingkang sampoen katampi.

Wondēng empoening Habiranda i.p. R. M. Djodjodipoera paring wasasan oegi sairib kados ing ngginggil, nanging dipointambahi pangandika kalijan wantos-wantos sanget, bilih pandjenenganipoen boten natjad, boten njéda (ngrikit) babar pisan dateng kawontenan waoe; mila sampoen ngantos klintoe tampil; réhi poen kijai Goeroe dipoensoewoeni priksa ing siswanipoen, dados inggih kedah barés poenapa sawontenipoen. Bab poenaka sampoen ngantos kesoepén, bilih wonten babasan: "anger désa mawa tjara", liripoen sadaja manœrt tjara lan raosipoen pijambak-pijambak.

Manawi saking pandoegi koela pijambak, saréhning ngrembag kagoenan kita Djawi, sami dipoenangkaha babagan poenika saja min-dak saenipoen.

Boten langkoeng bab réka-dajaniipoen mangsi borong para poedjangga Djawi.

Njoewoen pangapoenten.
Koela siswa Habiranda.
L. Jadiran.

VARIA.

SAKING MOENTILAN.

Pindahan.

Grawahing manahipoen prijantoon Moentilan margi katilar pindah pandjenenganipoen R. M. Dokter Gandasoemina dérèng poelih, kaselak imbet malih margi tinilar pindah R. M. Djajaéndra goeroe Normaal-school.

R. M. Dokter Gandasoemina saestoe katah lalabatanipoen dateng gotrah Moentilan, gotéking ngakatih pantes sineboet koesoema ambe oetama, darmawan ing boedi.

Samanter oegi pandjenenganipoen R.M. Djajaéndra, wonten salebetung djagad pasrawoengan ing Moentilan asmanipoen saklangkoeng kongas angganda wangi. Pandjenenganipoen ambeg balatèr ing panggalih, saged ngempali ingkang nginggil, poenapa déng saged toewin kersa angrangkoel golongan ingkang andap.

Mila, pindahipoen R. M. Djajaéndra toemrap gotrah Moentilan saestoe kados kétjalan moestika ingkang boten sakedik reginipoen. Oepami wenanga makaten, temtoe dipoen-gondéli. Nanging kadospoendi malih tijang anggénipoen pindah dateng Mulo Ngajodja waoe sampoen dados karsanipoen pijambak: lintonan kalijan pandjenenganipoen R. J. Darma Atmadja ingkang pantjénipoen kinarsakaken dados goeroe Mulo wonten Ngajodja.

Boten namoeng pasrawoengan Moentilan kémawon ingkang roemaoës kétjalan kabekta saking pindahipoen R. M. Djajaéndra waoe.

Toemrap pamoelangan Normaal-school Moentilan inggih kados kétjalan daja ingkang boten sakedik kekijatanipoen. Toemrap redactie Sw. T. inggih kados kontjatan prijantoon ingkang boten sakedik anggénipoen soeka pitoeloeng amrib saéning taman Sw. T. Semantan oegi toemraping pakempalan-pakem-palan ing Moentilan dipointilar pindah R. M. Djajaéndra waoe kados kétjalan obor ingkang boten sakedik padanging oeroebipen.

Wasana sadaja golongan ingkang roemaoës kasrambahan bérboedining panggalih, poenapa déng katisan katjakan genging daja kakijatanipoen, sami memoedji moegi widada tanpa sakara-kara ingkang pinanggih. Pan-gadjabipoen rinten daloe moegi-moegi wonten Ngajodjakarta waoe pandjenenganipoen saged njandioeng tjapaka sawakoel, djinangkoenga déning Ingkang Moerbèng Toewoeh.

Katjarijos, saking ada-adanipoen Koléktor ing Moentilan, kala tanggal 13 Djøeli wantji djam sanga sonent doemoegi djam kalih welas, ing dalem Wahjasoedibyan wonten papanggihan kangé améngeti pindahipoen R. M. Djajaéndra mawi bodjana soeka andrawina.

Ingkang anggengaken papanggihan waoe wonten prijantoon pintoeng saking golongan de-

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

Toeladanipoen koesoema Wétanan.

Karadjan Mongmit, doemoenoeng wonten tepis iringipoen tanah Sijem, Ratoenipoen adjoedjoelok praboe Sawbab.

Sang praboe sanadjan kalebet modern, angenggéné anggénipoen dodos koesoema Wétanan. Prakawis poenika tétela wonten lalampahaning ngandap poenika.

Sang praboe kagoengan poetra kokoeng satoenggal sekolah wonten gymnasium Framlingham. Béndjing taoen ngadjuing badé neroesakan sinaoe wonten pamoelangan loehoer Cambridge (Ingris), sarta inggih dipoenlilani ingkang rama. Gagajotan kalijan anggénipoen ngiliani poetranipoen neroesakan sinaoe wonten pamoelangan loehoer waoe, sang praboe naté kawedal pangandikanipoen makaten: Anakkoe ija daki lani neroesakan sakolah. Nanging sadoeroengé toemapak, dakkon moelih disik nem sasi, arep dakisi piwoelang. Kadjabo koewi déwéker ija koedoe gonah karo bakal kawoelané. Babar pisan déwéker ora kena kelalén jén trah Shah; akoe wong Burmees, ora lila jén anakoe bakal dadi wong Inggris tiron." (.. Mijn zoon mag nooit vergeten dat hij een Shah is; ik ben een Burmees en ik wil niet dat mijn zoon een nageakte Engelschman zou worden.)

Para maos! Ing tanah Djawi ngrikoe kerep kémawon wonten lagéjan komalanda-landa! Oeger saged samet kalih niet, roemaoësipen samoëen Welandi. Sabrébét doerén kados boten nroemaosi jén predjenganeng badan, kados sakoela pandjenengan. Semoe-nipoen inggih boten nroemaosi bilih koelitipoen inggih nemba kados pak Soeta, Satanaga-tanaganipoen ingkang dipoint

NGATOERI OENINGA!
Kala 6/7 '29 Anak
koela Bartolomeus Har-
djanta kaparingan adi-
djaler, koela namakaken:
Antonius Harjata

Matapitanipoen
REKSAATMADJA.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED
ALCYON DUNLOP R. I. W. RIJWIELEN

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN
LUXE- en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELEN
KINDERWAGENS — SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

WIDADANING PRIESTERFONDS

nedahaken bilih kita mangertos
dateng wadjib lan sesanggèn
kita pijambak.

HEEL DE ARCHIPEL LEEST DE KOERIER

Eenig R. K. Dagblad
in Ned. Indie

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.
Processie Kalibawang.

Si Honon martosaken:

Nalika dinten Ngahad tanggal kaping 14 Juli poenika ing Promasan (Kalibawang) wonten arak-arakan miwaha Sakramèn Maha Soetji, ingkang kaping tiganipoen, saking sekolah (Gréja) doemoegi goewa Sendang-Sana. (Goewa jasan katoer Dèwi Marijah, kaëmba goewa ing Lourdes). Tebihing margi sapal langkoeng sakedik. Katah para tamoe ingkang merlokaken rawoeh: Padoeka rama Pastoor Madlener (Aalmoezenier), para Onder-officier lan Commissaris Veldpolitie, sami saking Magelang, Rama Pastoor lan Broeder saking Moentilan, Juffrouw Mendoet lan Boroboedoer, Goeroegoer, malah pandjenengani poen ingkang Ass. Wedana Kalibawang saha Mantri politie oegi rawoeh.

Kirang langkoeng djam satengah sadasa Processie wiwit. Ingkang ndérék ± 1200. Doemoegi Sendang-Sana, Goesti sinéwaka, zangers menjanji lan kaoermatan swaraning mertji, da! del. Kondoeripoen Sakramèn Maha Soetji ngrawoehi altaar pakèndelan, ingkang doemoenoeng saantawisipoen margi arak-arakan waoe. Teroes Goesti kondoer dateng sekolah (Gréja) malih; ± djam 11.

Toeroet (Consequens)?

C.-Odrééka njerat: Pamelangan Seminarié ing Ngajodja, pamelangan tjalon Pastoor —, ingkang badé andjagi anggoelawentah gesang-kita-rohani —, tjalon pangoengsén: dokter, goeroeng Soekma kita ingkang taksih badé gesang

langgeng poenika, pamelangan ingkang: grijani poen doemados saking dananipoen para tijang katholieke ing nagari Walandi, pamelangan ingkang sadaja ragad-ragad lan bot répotipoen boten wonten ingkang kedjibah toemoet ngréntjangi njanggi - ke dja wi-kita —, ing wiwitinan woelan Juli poenika nampi moerid énggal 13; dados sapoenika wonten: moerid 69 — Walandinipoen 14, ingkang 3 wonten ing Moentilan.

Sinten ta ingkang betah: Passtoer. poenika? kita. Jén makaten rak sampoen samestinipoen ta jén kita damel . . .

Rak sampoen dados warganings Priesterfonds, ta? Wah . . . pitados koela . . . ! Saking a gengipoen kapitadosan koela, koela boten gadah panginten, bilih wonten sad. R. K. ingkang . . . ingkang boten kersa dados warganings P. F.

KABAR OEMOEM INDONESIA.

H. B. S.

Ing taoen poenika H.B.S.-gangsal taoenan ing Indija (tjatjapiroen sekawan,) angedalaken laré tamat sinaoe 147 kalijan ingkang golongan literair-economische afdeeling tjatjapiroen 25. Dados goenggoeng kempal wonten 172.

A. M. S. Ngajogjakarta kalijan Weltevreden angedalaken laré 80, afdeeling B. ing Malang angedalaken laré 26. Dados goenggoeng ipoer laré ingkang diplomani poen kasamékaken kalijan H. B. S. wonten 106.

Tjatjahing laré ingkang bakda iksamen wekasan angladjeng aken sinaoe, manawi katanding kalijan

Nederland, ing ngriki presénanipoen langkoeng katah, i.p. tikel kalihipoen. Ingkang katah-katah sami aneroesaken sinaoe dokter oetawi ingenieur.

Ing taoen '28 wonten opleiding kangé ambtenaar Indija, nangning ingkang toemoet nglebeti iksamen namoeng wonten 24. Opleiding gezaghebber wonten kalangan B.B. betah laré 7, nangning ingkang nglebeti namoeng laré 2.

Kangé sakolah wonten Wageningen ingkang bénjingipoen tjalon dados Ind. landmeter. Nagari ngersakken laré kalih. Nangning ingkang nglebeti namoeng laré sa-toenggal. Mangka kangé pasinaon poenika (kirang langkoeng tiga sa-tengah taoen) pendak taoen Nagari tjalon maringi toelage f 1300.

Polikläniëk Tiong Hoa.

Ing Semarang wonten pakempalan anama „Lang Tjewan Tiong Hoa Ie Wan“ oetawi kénging katjekak „Polikläniëk Tiong Hoa.“ Pakempalan waoe sampoen dipoenakeni adegiipoen déning Negari kaseboet wonten serat kakantjungan tanggal 16-6-'29, nomer 2x. tt. Pakempalan waoe toedjoenipoen: soeka pitoeloengan lelahanan (oetawi menawi mawi rékening inggih pitoeloengan prakawis kadokteran kanti lelahanan oetawi bajaran mirah sanget dateng ingkang boten gadah boten predoeli bangsa poenapa oetawi agama poenapa.

Dokter Joesoef boten kanggep.

Tjarijosoipoen J.B. poenggawa S.S. ing Betawi tamipti dawoh saking pangageng: manoet paprikasipoen B.G.D., certificaat saking dokter Joesoef boten wonten reginipoen. Mila menawi wonten poenggawa S.S. ing Betawi sakit, soepados neda certificaat dateng dokter sanès kémawon. („Hem, mesakaken!“)

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada te- rima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keloeuran roemah² obat

DJOKJA, **RATHKAMP**, **MALIOBORO**

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA, **RATHKAMP**, **DJOKJA**

tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP“ dan „ERCEE“

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

Baroe terbit:

PELAJARAN MEMEGANG BOEKOE DAGANG

Karangan GOUVTS ACCOUNTANTDIENST

dikeloarkan oléh:

BALAI POESTAKA — WELTEVREDEN.

Kitab ini baik sekali oentoek peladjaran bagi saudagar-saudagar ketjil. Tjontoh-tjontohnja lengkap dan terang; keterangan-keterangannja moedah dipahamkan, semoea diambil dari kedjadian jang sebenar-benarnja.

Harganja soedah tentoe moerah sebagaimana segala boekoe keloeuran Balai Poestaka, jaftoe f 0,80.

BATJALAH SOERAT BERKALA „SRI POESTAKA“ (1× seboelan) DAN „PANDJI POESTAKA“ (2× seminggoe).

MINTALAH DAFTAR KITAB-KITAB!

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan ³⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.30.	Pemalang ³⁾	7.30.	Kependjén 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember	7.30.	9.30 (mal.).		Sambas	6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari ⁶⁾	7.30.	Sambong	8.	Tering 7.
		Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjop ⁸⁾ 7.30.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi 6 - 8.
Djombang ¹⁾	7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon 7 - 8 - 9.
Fort de Kock	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates ⁷⁾ 7.
Gandjoeran ²⁾	7.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:
Gombong ³⁾	7.30.	Ngawi ⁷⁾	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
Keboemèn ⁴⁾	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
Kediri	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
Klaten	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan 8.30.
Koeta Radja	6.30 - 8.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.	
		Pasoeroean ¹⁾	7.30.			

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e.. 2e.. 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.

²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e.. 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

Pakempalan toekang.

Dérèng dangoe moerid-moerid bangsa ngriki wedalan Ambachtsschool Betawi, ngawontenaken komité badé ngedegaken pakempalan toekang. Mêh sadaja tilas moerid I. A. S. Betawi (kirang langkoeng kalih atoes) sami najogjani sanget Margi poenika waoe bénjing tanggal 14 Agoestoes ing Gedong National Gang Kenari Weltevreden badé dipoenwonteni Openbare vergadering.

Toedjoenipoen pakempalan waoe: nggatossaken toewin damel pirantos-pirantos gria iss. sarta badé ngopepados pawitan sarana baton kanggé ngedegaken padagangan dandosan kadjeng. (Inggih oeger boten kajtikan aksi politiek (merah) kémawon! — Red.)

Siti-siti partikelir.

Katjarisos, wekdal poenika kantor Goerpermèn saweg angrembag noembas wangsoel siti-siti partikelir, langkoeng-langkoeng siting *Tandjoeng Oost Betawi; Bolang, Wan-goeng*, toewin *Tjiliwoeng* sami bawali Bogor; poenapa déné siti partikelir ing *kampoeng Melajoe* Betawi.

Ing taoen poenika oegi siti partikelir *Tjampea* Kidoel Kilènipoen Bogor, badé Kawangsoelaken dateng Goerpermèn. Siti waoe djembaripoen 51.000 baoe, dijwanipoen 113.000, sapérangan ageng kataneman pantoon, déné reginipoen kinten-kinten wonten 8 joeta roepijah.

Kala taoen kapengker, Nagari angedalaken arta 5 joeta kanggé noembasi wangsoel siti-siti partikelir waoe, wiwit kala taoen 1922. Wekdal sapoenika siti-siti partikelir ingkang

Nagari anggènipoen noembasi wangsoel siti-siti partikelir waoe, wiwit kala taoen 1922. Wekdal sapoenika siti-siti partikelir ingkang

dipoentoembas wangsoel sampoen wonten sepalihipoen. Kinten-kinten bénjing sadasa taoen engkas siti-siti partikelir sampoen sageed wangsoel dateng Goerpermèn sadaja.

Onderwijs dagang.

Wonten ing Bat. Nwsbl. toewan J. Leewis diréktuer openbare Avondshandelsleergang ing Betawi, njerat ingkang soeraospo makaten:

Departement Onderwijs jasa koerses dagang poenika waoe, perloenipoen soepados para moeda ingkang njamboet-damel wonten padagangan sageed mewahi seserepanipoen. Ingkang mlebet mrikoe kedah anggadahi diploma Mulo, oetawi H.B.S.-tigang taoenan. Ingkang boten gadah diploma poenika kedah nglebeti iksamen roemijn. Wonten koerses ngrikoe dipoenwoelangi: Boekhouden, Handelsrekenen, Handelscorrespondentie tjaer Walandi kalijan Inggris, dangoenipoen tigang djam saminggoe. Sekolahaniipoen wonten ing gedong P.H.S. Vrijmet-selaarweg. Weltevreden. Bajaran sakolah f 7,50 — f 10, mawi-mawi blandjanipoen moerid. Ing taoen poenika sampoen sageed ngwontenaken eindexamen ingkang wekasan. Sinten ingkang badé mlebet mrikoe kékéng neda katerangan dateng toewan J. Leewis Oud Gondangdia 39.

Examen.

T. S. Martosaken: Moerid ing Opleiding Premie Goeroe Doesoent Kentjong, kala tanggal 3 lan 4 Djoeli 1929, dipoenexamen. Ingkang niti priksa examenipoen pandjenenganiipoen Schoolopziener ing Baloenglor lan Le